

DOKUMEN MADRASAH
SANGAT RAHASIA



Nama :
No :

PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT) SEMESTER GENAP

MI HIDAYATUL MUBTADIIN DEMPEL

TAHUN PELAJARAN 2022/2023

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA	Hari / Tanggal :
Kelas : III (Tiga)	Waktu :

A. Isilah jawaban yang benar dengan huruf A, B, C atau D pada kotak jawab yang tersedia!

1. Rerangkening aksara kang ngemu teges lan dingerteni surasane diarani ...
 - a. Ukara
 - b. Tembung
 - c. tembang
 - d. karangan
2. Tuladhane sumber energi kang bisa dianyari yaiku ...
 - a. Srengenge
 - b. Minyak bumi
 - c. batu bara
 - d. mineral alam
3. Ngirit energi iku kuwajibane ...
 - a. Wong diwasa
 - b. Bocah cilik
 - c. kabeh wong
 - d. para siswa
4. Ing ngisor iki klebu sumber energi kang ora bisa dianyari yaiku ..
 - a. Srengenge
 - b. Batu bara
 - c. banyu
 - d. angin
5. Tembung-tembung ing ngisor iki sing klebu tembung aran sing ora maujud yaiku ...
 - a. Buku
 - b. Garisan
 - c. lemari
 - d. agama
6. Siti lagi (sapu) latar.
Tembung ing jero kurung sing bener ...
 - a. Ngesapu
 - b. Sapukna
 - c. disapu
 - d. nyaponi
7. Saka behing tembung kang mratelake kaanane utawa watake (sipat) barang diarani tembang ...
 - a. Kaanan
 - b. Kriya
 - c. katrangan
 - d. aran
8. Ukara ing ngisor iku sing ora klebu ukara pakon, yaiku ...
 - a. Jipukna
 - b. Tutupen lawange!
 - c. sapa sing durung tekan kene?
 - d. Bukakna lawang ngarep iku!
9. Bapak tumbas sepatu anyar. Jejere ukara kasebut, yaiku ...
 - a. Bapak
 - b. Tumbas
 - c. sepatu
 - d. anyar
10. Melon, pelem, rambutan kuwi klebu jinise tembung ...
 - a. Barang
 - b. Kriya
 - c. aran
 - d. katrengan

11. Pak bagus mirsani TV. Tembung mirsani minangka ...
 - a. Jejer
 - b. Wasesa
 - c. lesan
 - d. katrangan
12. Bocah-asep-kang-iku-sinau-sregep. Urutan kang bener saka ukara ingdhuwur, yaiku ...
 - a. Asep bocah iku sregep kang sinau
 - b. Bocah Asep iku kang sregep sinau
 - c. Kang Asep bocah sregep sinau iku
 - d. Asep iku bocah kang sregep sinau
13. Siti tuku roti menyang pasar. Tembung menyang pasar kalebu ...
 - a. Jejer
 - b. Wasesa
 - c. katrangan papan
 - d. lesan
14. Rudi nata meja kelas 3. Meja minangka ...
 - a. Lesan
 - b. Katranagan
 - c. wasesa
 - d. jejer
15. Doni numpak sepedha menyang sekolah. Wasesa ukara kasebut, yaiku ...
 - a. Doni
 - b. Numpak
 - c. sepedha
 - d. menyang sekolahan
16. Tembung dolanan kang isine pasemon supaya ora kesed, yaiku ...
 - a. Menthog-menthog
 - b. Cublak-cublak suweng
 - c. gundhul pacul
 - d. jaranan
17. Tembung dolanan ing ngisor iki isine bab kuwasane Gusti sing awujud alam, yaiku ...
 - a. Pucung
 - b. Sluku-sluku bathok
 - c. lir-lir
 - d. jamuran
18. Tembung kang lumrah ditembangke dening bocah-bocah sinambi dolanan diarani ...
 - a. Tembung macapat
 - b. Tembung dolanan
 - c. tembung tengahan
 - d. tembung gedhe
19. Sing ora klebu tembung dolanan, yaiku ...
 - a. Menthog-menthog
 - b. Jamuran
 - c. pangkur
 - d. lir-ilir

Lir-ilir lir-ilir tandure wong sumilir tak ijo royo royo
 Tak senggguh pengaten anyar
 Cah angon cah angon penekna blimbing kuwi
 Lunyu lunyu penekna kanggo mbasuh dodotira
 Dodotira dodotira kumintir bedah ing pinggir
 Dondomana jlumantana kanggo seba mengko sore
 Mumpung padha rembulane, mumpung jembar kalangane
 Ya suraka surak hiya

20. Piwulang kang kaandhut ana ing tembung kasebut yaiku ...
 - a. Kuwasaning Gusti sing awujud alam
 - b. Dolanan bebarengan wayah padhang bulan
 - c. Seneng mbuang sampah sambarangan
 - d. Dadi manungsa kudu boros
21. Layangane sambitan, sing menang yaiku ...
 - a. Bima
 - b. Dhimas
 - c. Agus
 - d. bondan
22. Anggone ngundhuh layangan ing ...
 - a. Sekolahan
 - b. Plataran omah
 - c. lapangan desa
 - d. mburi omah

23. Layangan e Dhimas bentuke ...
 - a. Kupu-kupu
 - b. Kembang-kembangan
 - c. iwak-iwakan
 - d. kapal-kapalan
24. Tegese tembung ilir yaiku ...
 - a. Kipas
 - b. Klambi
 - c. pari
 - d. kewan
25. Ing tembung kasebut, sing dikongkon menek wit blimbing yaiku ...
 - a. Bapak
 - b. Pak tani
 - c. cah lanang
 - d. cah angon
26. ... ngglimbang segane dadi salatar. Tembung kanggo njangkepi tembung ing dhuwur, yaiku ...
 - a. Watu
 - b. Pacul
 - c. wakul
 - d. gundhul

Ngundhuh layangan

Dhimas lan Rudi wis janjian arep dolanan langangan. Jam 3 sore, bocah loro kuwi budhal menyang lapangan desane. Ing lapangan ana bocah-bocah liya sing lagi dolanan. Ana sing engklek, lumpatan, lan betengan. Kahanan sore iku gayeng merga swarane bocah-bocah sing dolanan sinambi gegojegan.

Kabeneran sore iku, langite padhang lan angin cocog kanggo ngundhuh layangan. Layangane Dhimas bentuke iwak-iwakan, dene layangan Rudi bentuke kapal-kapalan. Layangan Dhimas dluwange werna abang, dene duweke Rudi werna ijo.

Layangan bocah loro iku wis mumbul dhuwur ing langit. Ing dhuwur layangane sambitan karo layangane bocah tangga desa sing uga ngundhuh layangan. Layangane Dhimas menang, ora pedhot. Jalaran sing dienggo ngundhuh layangane iku benang gelas. Dhimas lan Rudi seneng, layangane menang.

27. Layangane bocah loro iku agawe saka ...
 - a. Kain
 - b. Plastik
 - c. dluwang
 - d. kayu
28. Paraga crita kasebut janjian arep dolanan ...
 - a. Engklek
 - b. Egrang
 - c. bekelan
 - d. layangan
29. Layangane Dhimas nganggo senar ...
 - a. Tampar
 - b. Kenur
 - c. mangkokan
 - d. gelas
30. Sing ngundhuh layangan yaiku ...
 - a. Dhimas
 - b. Rudi
 - c. Dhimas lan Bima
 - d. Dhimas lan Rudi
31. Aksara ha na ca ra ka tegese ...
 - a. Ana utusan
 - b. Padha pasulayan
 - c. pada digdayane
 - d. padha matine
32. Aksara Jawa Legena uga diarani aksara ...
 - a. Sembada
 - b. Carakan
 - c. prayoga
 - d. brahma
33. Kang klebu pakulinan becik, yaiku ...
 - a. Mangkat sekolah njaluk diterke
 - b. Sekolah kudu disangoni
 - c. tangi ing wayah esuk
 - d. mampir dolan nalika mulik sekolah
34. Supaya sehat kudu sregep ...
 - a. Dolan
 - c. mangan jajan

- b. Olahraga
d. sinau
35. Pakulinan becik kuwi kudu ditindakake dening ...
a. Wong enom
c. kabeh wong
b. Wong tuo
d. bocah sekolah
36. Kosok baline tembung ala, yaiku ...
a. awon
c. elek
b. becik
d. culika
37. Sawise tangi turu becike enggal ...
a. Sarapan
c. nggarap PR
b. Manggat sekolah
d. nata paturon
38. Ing ngisor iki ora klebu tembang dolanan, yaiku ...
a. Kupu kuwi
c. sepuran
b. Maskumambang
d. Menthok-Menthok
39. Rudi ngepel kelase dhewe, Jejere ukara kasebut, yaiku ...
a. Rudi
c. kelase
b. Ngepel
d. dhewe
40. Tembung sing nduweni piwulang kuwasaning Gusti sing awujud dalam yaiku ...
a. Lir-ilir
c. nandur jagung.
b. Gundhul Pacul
d. Padhang Bulan
41. Tembung ing ngisor iki kang klebu tembung aran, yaiku ...
a. Sinau
c. budhal
b. Dolanan
d. pikiran
42. Adhiku nupak sepur kelinci. Tembung numpak minangka tembung ...
a. Aran
c. kaanan
b. Kriya
d. katrangan
43. Pak Bani nandur jagung. Lesane ukara kuwi ...
a. Pak
c. nandur
b. Bani
d. jagung
44. Kala wingi ana tabrakan ning semarang. Ukara ing dhuwur iku mujudake ukara ...
a. Pitakon
c. andharan
b. Pakon
d. prentah

Kidang talun

Kidang talun

Mangan kacang talun

Mil kethemil mil kethemil

Si kidang mangan lembayung

Tikus pithi

Duwe anak siji

Cit cit cuit

Cit cit cuit

Maju perang wani mati

Gajah belang

Saka tanah mlembang

Nuk legunuk nuk legunuk

Gedhene meh padha gunung

45. Aldi lagi ngapa?

Kagolong jinising ukara ...

- a. Andharan
c. pakon
b. Pitakon
d. dolanan

46. Lembayung padha tegese karo...
- a. Godhong kacang
 - b. Godhong lamtoro
 - c. godhong tela
 - d. godhong kates
47. Gambarane kewan tikus, yaiku ...
- a. Mil kethemil
 - b. Nuk legunuk
 - c. cit cit cuit
 - d. wek kowek
48. Kewan sing ora ana ing tembang “Kidung Talun”, yaiku ...
- a. Gajah
 - b. Kidang
 - c. jaran
 - d. tikus
49. Sing seneng mangan lembayung padha tegese karo ...
- a. Tikus
 - b. Kidung
 - c. gajah
 - d. jaran
50. Sakabening tembung sing mretelake watak utama sikat lan kahanane samubarang diarani ...
- a. Aran
 - b. Kriya
 - c. kaanan
 - d. katrangan